



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN PREPARASYON POU DAT LIMIT VAKSINASYON AN LENDI, GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PLAN KONPLÈ POU REPONN AK PWOBLÈM RATE ANPLWAYE SWEN SANTE A KI PREVIZIB

Plan an enkli preparasyon deklarasyon ijans pou konplete ranplasman mendèv nan Etablisman Swen Sante yo

T ap otorize Pwofesyonèl Swen Sante ki otorize nan lòt eta oswa peyi, ki fèk gradye, pwofesyonèl swen sante ki te nan retrèt epi ki t ap egzèse anvan pou pwofese nan New York

Lòt opsyon yo enkli Deplwaman Gad Nasyonal ki Fòm sou Plan Medikal, Demann Ekip Asistans Medikal Federal pou Katastwòf (Disaster Medical Assistance Teams, DMAT), Travay ak Gouvènman Federal la pou Pwofesyonèl Medikal yo

Gouvènè a rete fèm pou asire ke travayè swen sante yo vaksinen pou pwoteje sante piblik la

Nan preparasyon pou dat limit vaksinasyon an lendi, Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon plan konplè pou abòde pwoblèm rate pèsonèl ki previzib la nan lopital ak lòt etablisman swen sante nan tout eta a.

"Nou toujou nan yon konba kont COVID pou pwoteje pwòch nou yo, epi nou bezwen konbat ak chak zouti ki nan dispozisyon nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap kontwole sitiyasyon pèsonèl la depre, epi nou genyen yon plan pou ogmante mendèv swen sante nou an epi ede soulaje fado lopital nou yo ak lòt etablisman swen sante yo. Mwen felisite tout travayè swen sante ki te mobilize pou vaksinen tèt yo, epi mwen ankouraje tout rès travayè swen sante ki pa vaksinen yo pou fè sa kounye a pou yo ka kontinye bay swen."

Plan an enkli preparasyon pou siyen yon dekrè egzekitif si sa nesesè pou deklare eta ijans k ap chèche ogmante ranplasman mendèv la epi otorize pwofesyonèl swen sante otorize ki kalifye nan lòt eta oswa peyi, ki fèk gradye, pwofesyonèl swen sante ki retirete epi ki te konn egzèse pou pwofese nan Eta New York.

Depatman Travay la te soti enstriksyon pou klarifye ke travayè yo te revoke akòz yo te refize vaksinen yo pa klarifye pou asirans chomaj la san yon demann ki valid ke doktè apwouve pou aranjman medikal.

Gen lòt opsyon ki enkli deplwaman manm Gad Nasyonal ki fòme sou plan medikal, ak patenarya ak gouvènman federal la pou deplwaye Ekip Asistans Medikal pou Katastwòf (DMAT) pou ede sistèm sante ak medikal lokal yo. Anplis, Gouvènè Hochul planifye travay ak gouvènman federal la ak lidè lòt eta yo pou eksplòre fason pou akselere demann viza pou pwofesyonèl medikal yo.

Jiska 22 septanm, 84% nan tout anplwaye lopital yo nan Eta New York te vaksinen nèt. Jiska 23 septanm, 81% pèsònèl etablisman swen pou granmoun yo ak 77% nan tout pèsònèl etablisman mezon retrèt yo nan Eta New York te vaksinen nèt.

Dapre règleman Depatman Sante Eta a te soti a, tout travayè swen sante nan Eta New York, nan lopital ak nan mezon retrèt yo, gen obligasyon pou yo vaksinen kont COVID-19 la ak premye dòz la, jiska lendi 27 septanm, epi pèsònèl nan lòt antite yo, ki enkli etablisman swen adomisil, ospis, ak swen pou granmoun yo dwe vaksinen anvan 7 oktòb. Règlemantasyon an aplike tou pou tout anplwaye medikal eta a ak sa ki gen kontra ki egzèse nan Eta New York.

"Antanke enfimyè, nou angaje pou bay pi bon swen pou pasyan nou yo epi travay ak Gouvènè a pou efò sa yo. Nou bezwen pèsònèl ki adapte pou pwoteje pasyan nou yo ak kòlèg travay nou yo, epi nou vle fè tout sa nou kapab pou evite retounen nan nivo kriz pandan pandemi an. Nou rekonesan a Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak pou plan solid epi estratejik li a pou sipòte enfimyè, pasyan yo epi asire pi bon swen ki posib la," **te deklare Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York la (New York State Nurses Association).**

"UUP (United University Professions) ap kontinye goumen pou finansman ki adapte ak pèsònèl nan Lopital SUNY yo epi li devwe pou pwoteje sante ak sekirite manm nou yo ak pasyan yo. Nou konprann mezi Gouvènè Hochul ap pran fas ak rate pèsònèl ki posib la. Nou rete konfyan ka etap sa p ap nesesè. Nou kontinye mande tout manm UUP ak tout Nouyòkè pou yo al vaksine imedyatman," **te deklare Doktè Frederick E. Kowal, Prezidan United University Professions.**

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)